

Lp(a) Ki Wo: Kisa K ap Vini Apre?




Yon gid senp pou ede ou pale ak doktè ou a sou rezilta ou yo.

1. Kisa Mwen Ta Dwe Konnen?

Dekouvri ou gen yon nivo lipopwoteyin(a) oswa Lp(a) ki wo ka ba w sipriz, paske li pa bay okenn sentòm abityèlman. Ou pa sèl — anviwon 1 moun sou 5 nan mond lan gen yon nivo Lp(a) ki wo. Yon nivo Lp(a) ki wo ka ogmante risk pou maladi kè ak estwòk, men risk jeneral ou depann sou anpil faktè, pa sèlman Lp(a). Gen mezi ou ka pran pou pwoteje kè w ak sèvo w. Pandan poko gen yon medikaman ki fèt espesyalman pou bese Lp(a), bon jan abitud ak jesyon faktè risk yo ka ede. Paske Lp(a) ou prinsipalman ereditè, se yon bon ide pou manm fanmi pwòch ou fè tès la tou.

Nivo Lp(a) mwen: _____

Kesyon sa yo ka ede gide konvèsasyon w ak pwofesyonèl swen sante w la pandan vizit ou a.



Konsènan Risk Mwen

- Kisa nivo Lp(a) mwen vle di pou risk jeneral mwen genyen pou maladi kè oswa estwòk?

- Kijan lòt rezilta mwen yo (kolestewòl, tansyon, sik nan san) afèkte risk mwen an?

- Èske paran mwen, frè ak sè mwen, oswa pitit mwen ta dwe fè tès la?

- Èske sa ka gen rapò ak yon maladi fanmi tankou ipèkolestewolemi familyal (FH)?

- Lòt:



Konsènan Plan Swen Mwen an

- Kisa mwen ka fè pou mwen redui risk pou maladi kè ak estwòk

- Èske mwen bezwen kòmanse oswa chanje kèk medikaman?

- Kijan yo pral suiv sante kè mwen avèk letan?

- Èske gen gwoup sipò oswa lòt resous pou moun ki gen Lp(a) ki wo?

- Lòt

(Itilize dèyè paj la pou nòt pandan vizit mwen an — sa mwen dwe fè, plan suivi yo, etap pou fanmi an, objektif yo, oswa rapèl yo)

Konprann nivo Lp(a) w se yon etap enpòtan nan pran swen kè w.



Pwochen Etap Mwen Yo

Espas sa se pou nòt nan vizit jodi a.



Sa mwen te aprann jodi a



Objektif mwen yo



Kesyon oswa rapèl yo:



Kisa mwen pral fè apre

- Pwograme yon vizit suivi
- Fè analiz laboratwa oswa lòt tèss
- Pale ak doktè mwen an sou plan swen mwen
- Lòt: _____



Konsiderasyon pou fanmi

Ki moun nan fanmi mwen ki ka bezwen fè tèss oswa suivi?

